жеңислерге ериседи». Демек, Әлишер Науайы бабамыздан инсанның қәдир-қымбатын оның байлығы, мал-мүлки, әмели, социаллық келип шығыуы менен емес, ал оның мәнаўий кўриниси, әдеп-икрамлық сыпатлары, елге қаншелли пайдасы тийиуи менен белгиленеди, дейди.

Материаллық ҳәм мәнаўий, социаллық-сиясий, миллий ҳәм улыўма инсаный қәдириятлардың факторы болған инсанның өзи ең жоқары қәдирият болып есапланады. Қәдириятлар инсанлар ортасында өз ара қатнаста ҳәм шахстың өз қулқын тәртипке салыўда унамлы хызмет атқарады. Өз қәдирин аңлаў шахстың өзине қарата қойылған талапшаңлығында көринеди. Ҳәр бир инсан ең дәслеп өзин өзи ҳүрмет етиўи, қәдир-қымбаты, ар-намысына дақ түсирмеслиги лазым. Өзиниң қәдирине жетиў, ар-намысын сақлай билиў – ең әҳмийетли инсаный пазыйлет болып есапланады. Өз иззет-ҳүрметин билмей турып, мәнаўий байлыққа ерисиў, елде қәдир-қымбат табыўды көз алдына келтириў қыйын. Өзин ҳүрмет қылмаған киси өзгелерди де қәдирлей алмайды.

Әлемниң безеги болған инсан жасаған өмирде ғана емес, әлемнен өткеннен кейин де муқаддес ҳәм әзиз болып қала береди.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. Юксак маънавият-енгилмас куч. -Т.: 2008. 67-б.
2. Каримов И.А. Асарлар. 4-жилд. -Т.: 1996. 80-б.
3. Базарбаев Ж. Өзликти аңлаў - мәнаўият өзеги. –Нөкис: 2016.



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур илмий мақолада инсон қадр-қиммати, инсоннинг жамиятдаги ўрни, инсоний фазилатлари ҳақидаги масалалар, Европа фалсафасидаги инсон ва жамият ҳақидаги қарашлар, таъсир омиллари ҳақидаги масалалар сўз қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассматриваются ценность и место личности в обществе. Также приводятся мировоззрения западной философии о воздействующих факторах становления индивида в личности.

**SUMMARY**

In the scientific article is considered the value and role of personality in the society. There are points of view of west philosophy about the impact factors of individuality in a personality.


## АҚЫЛДЫҢ АДАМ ТУРМЫСЫНДАҒЫ ӘҲМИЙЕТИ


**Г.Джамилова** - *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** ақл, инсон, эътибор, бахт, туғма ақл, муҳтасиб, баркамол шахс.

**Ключевые слова:** разум, человек, внимание, счастье, ум, самородок, всесторонне развитая личность.

**Key words:** mind, man, attention, happiness, wit, nugget, comprehensive developed personality.


Ақыл - адамзаттың раўажланыўының жемиси, тәрбияның туўындысы, билимниң нәтийжеси. Ол инсанның жолдасы, табысы ҳәм бахтына жеткеретуғын дәрўазаның гилти. Оның әҳмийетин халық ертеден-ақ түсинген [1]. Адамларды ҳайўанлардан ажырататуғын нәрсе оның ақыл-парасаты. Биреўлер ҳийлекерди де ақыллы дейди, бирақ ҳийле ҳайўанда да бар, ақыл тек адамда. Инсан ақылы менен сезим-туйғыларын, алынған хабарларды тәртипке келтиреди олардың шын яки жалған екенин анықлайды.

Өтмиште халық ҳәмме ўақыт ақыл тәрбиясына үлкен итибар берген ҳәм ақыллы болыўға шақырған.

Адам қалай ақыллы болады?! Ҳәким Улықпанның нәсиятларында: Егер ақыллы болғың келсе, ҳикмет үйренгил, ақыл ҳикмет пенен ержетип өседи. Аристотель данышпаннан: «Ақылдың күши неден ибарат?» деп сорапты. Данышпан: «Бәрше адамның күши-аўқаттандур, ақылдың күши болса-ҳикметдендур» - деп жуўап берипти [2].

Ақылдың күшине исенбеў - ақылсызлықтың белгиси. «Ақыл-ойды байытыўға ҳәрекет қыл. Өйткени, ол мал-дүнья байлығынан абзалырақ. Себеби, ақыл-ой менен байлықты қолға топлаў мүмкин. Ал, байлық пенен ақыл табаалмайсаң. Ақылды жетилистириў ушын ядлап алыў емес, көбирек пикир жүритиў керек» дейди Р.Декарт.

Кайқаўыстың «Қабуснама» китабында ақыллылыққа үлкен итибар береди. Ол ақылдың өзин де екиге бөлип қарайды.

1. Туўма ақыл. Бундай ақыл әзелден Аллатаала тәрепинен сый сыпатында бериледи. Оны ҳәр бир адам өзинше жетилдирип барыўы керек.
2. Муқтасип-яки болмаса қосымша ақыл. Бул ақыл илимий китаплар ҳәм турмыс тәжирийбелери арқалы жүзеге келеди. Усы екеўин бириктире алған адам ғана ҳақыйқый ақыллы адам болып есапланады: «Егер қудай саған әзелий (тәбийий) ақылды берген болса, сен қосымша ақылды үйренип алыў ушын мийнет ет. Сонда ғана сен бәрше халық арасында әжайып ҳәм әзиз адам боласаң … Атаң болса атаңнан үйрен. Болмаса бул бағдарда анадан әзиз адам жоқдур».

Ҳинд халқының әжайып естеликлериниң бири бизиң әсиримизде III-IV әсирде пайда болған. Бул философ Бейдабо тәрепинен Ҳинд патшасы Дабшалимге жазып тапсырылған «Халила ҳәм Димна» китабы. Ҳинд патшалары бул китапты «ақылдың гилти» деп атаған. Себеби, парасатлы адамлар оннан жүдә терең ибратлы гаўҳарларды тапқандай болады. Бул Қытай философы ушын үлкен кеңлик, ақыл, қанаат ҳәм адалат, илим ийелеў, саўат ашыў ҳәр нәрсени түсиниўге жәрдемлеседи. Бул даналық тәжирийбеде сынап сабырлылық пенен ис алып барыў жүрген жолынан адаспаў-ақыллылық, өзиниң ҳал-жағдайына қарап ҳәрекет қылыў-қанаатлылық, туўры сөз- сөйлеп, өзинде өзгени де қутқара алыў ҳәр бир адамлар жағдайларын туўры сезиў – әдалат, деп түсиндиреди.

Ақыл - инсан ушын ойлаў, пикирлеў, аңлаў ҳәм еслеў, жуўмақ шығарыў имканиятын беретуғын қәбилет, сийрек руўхый қубылыс.

Ақылдың қарсысы - наданлық. Данышпанлардан бири былай дейди: «Адамда ақыл қаншелли жетиспесе, онда даңқпаразлық соншелли күшейеди» - деген еди. Улыўма, наданлық тек адамға ғана емес, жәмийетке де зыянын тийгизетуғынын айтады [3]. Бабаларымыз: ақыллы адам «әдеплилик пенен сөйлейди, биреў жаманлық етсе оған қайтып жаманлық ислеўди өзине раўа көрмейди. Сөйлегенде халыққа пайдалы сөзди айтады» - деп үйретип, сондай болыўды жастан санаға сиңдириў ўазыйпа етип белгиленген. Халық ақыллылықты наданлыққа қарсы қойған. Ол ақыллылық адамды жасартады, наданлық адамды қақсатады деп үйретип ҳәм оның мысалларын халық турмысынан көплеп келтирген.

Адамлар ақыллы болыўы ушын илимди ийелеўи керек. Күнниң жер жүзин жақтыртқаны ҳәм әлемге мәңги өмир бағышлағаны сыяқлы, илим де жүректи нур менен жақтыртады, кеўилди өсиреди, тәжирийбени асырады. Билим менен адам жоқарылайды, билим

менен уллылыққа, табысқа ериседи. Егер надан болса, оның ушын хеш нәрсениң әхмийети жоқ. Қәдир-қымбат хәм иззет-хүрмет билим себепли, билимсиз адамның қәдири жоқ. Кимде зийреклик, тапқырлық болса, усы хақыйқый адам болады, кимде билим болса, ол мәртебеге ериседи. Пүткил жер жүзиндеги барлық адамзат өз исинде илим хәм билимге әмел қылады. Халық ақыллы адамларды басына көтерип сыйлаған, оларды даналық, данышпанлық үлгиси деп үйреткен.

Халқымыз ақыллылықтың тийкарында ел-журттың тәғдирин шешкен дана басшыларды ардақлаған. Басшы билимли, ақыллы болса өз әтирапына да өзине уқсағанларды жыйнап, елди және де гүллендиреди, байытады, даңқын асырады деп есаплаған. Ақылсызға төрден орын берилсе, онда төр есик болар, деген даналардың пикирлери есапқа алынып, егер ақыллыға орын есиктен тийиссе де, усы есик төрден де бәлент болады, себеби оған көрсетилетуғын хүрмет-иззеттиң тийкары оның ақыллы екенлиги шубхасыз деп үйреткен. Халық "адамлар арасындағы ең ақыллы адам қайсы адам" деген сораўды қойып оған: ол сол адам даңқ хәм мәртебеге жеткенде де барлық ўақыт кишпейилликти өзине әдет етип алады. Сабыр-тақатлы мийримли болады. Ақыллы киси ғайратлы хәм малы көп болыўына қарамастан, душпаны менен таласып тартысыўды өзине мүнәсип көрмейди. Ақыллы адам басқаларға хүрмет көзи менен барлап, рәхимлик көзи менен қарайды, - деп сүўретлейди. Адамның липасы, шырайы биринши орында емес ал, ақылы әхмийетли. Себеби "гейде сырты сулыў болар иши паллықтың", "сыпайы тоңбас қалтырар" деп түсиндирген. Ақылдың дереги - билим. Адамзаттың кереги тек билим менен табылған. Оның инсан ретиндеги уллығы да оның билимлилигинде. Оқыў, ақыл менен билим ийеси болған хәр қандай адам абырайлы. «Оқыў қайда болса уллылық болар, билим қайда болса тиришилик болар» деген халқымыздың даналары. Билим бул адамның жылаўы, оны барлық жаман нәрседен тыйып турады. Сонлықтан да халқымыз: «Бир дегенде не жаман, Билимсиз өскен ул жаман» деп толғанып, оның жылаўсыз кететуғынлығына, тәртипсиз болатуғынлығына налынған. Халық билим ийесиниң өз мақсетлерине жететуғынлығына тилеклериниң орынланатуғынлығына исенип, ақыллы адамлардың тәсири болса еле де хүрметленип хәм қәдирленип туратуғынлығын жақсы түсинип, балаларды илимге шақырған.

«Ақыллы адам тирилигинде сондай бир ис қылады, ол иси өлгеннен кейин де тирилер қатарынан орын алып жүреди, ақмақ адам тирисинде де өлилер қатарында жүрсе, ақыллы адам өлгеннен кейин де тирилер қатарында жүреди" - деп үйреткен.

Халықымыз: ақыл - адамға барлық ўақыт жарағы, жолдасы, досты, ал мал-дүнья болса, адамды бир күн таслап кететуғын бийопа мийманы, - деп есаплаған. Бүгинги күнде инсан ақылын үйрениў, оған байланыслы сырларды изертлеўге жүдә үлкен итибар қаратылмақта. Дүнья глобалласып баратырған, хабар ағымы күшейип баратырған хәзирги дәўирде тек ақыл-парасат, жақсы идеяларға исеним хәм жоқары мәнаўият, инсанның тәбиятын сақлап қалыўы мүмкин екенлиги анық болмақта.

**Әдебиятлар**


1. Базарбаев Ж. Миллий идеямыз-бизиң идеямыз -Н.: «Билим», 2003. 246-248-б.
2. Базарбаев Ж. Әдеп-икрамлылық философиясы. -Н.: «Қарақалпақстан», 2010. 152-б.
3. Даналар сөзи. -Н.: «Қарақалпақстан», 1996. 35-37-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада ақлнинг одамзод ривожининг асоси, у инсонни бахтга етаклаши, қадимдан халқ ақл тарбиясига эътибор берганлиги, туғма ақл ва қўшимча мухтасиб ақл ҳақида, ақл илмий китоблар ва ҳаётий тажриба натижасида юзага келиши ҳақида сўз боради. Мақолада буюк алломаларнинг ақл ҳақидаги фикрлари талқин қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются отношение разума человека, как основа развития и внимания приводящее к счастью путём народного воспитания ума с древних времён на основе всестронне развитой личности, о самородков и дополнительных свойствах ума, научных книг и жизненного опыта. В статье приводятся мысли великих учёных о свойствах ума.

**RESUME**

The article examines the attitude of the human mind, as the basis of development and attention leading to happiness through the public education of the mind since anclent times based on the most fully developed personality, on the native and additional properties of the mind, scientific books and life experience. The article presents the thoughts of great scientists about the properties of the mind


## КОМИЛ ИНСОН – ФУҚАРОЛИК ЖАМИЯТИНИНГ БОШ МАҚСАДИ


**Т.Матибаев** - *социология фанлари доктори*

*Ташкент*



**Таянч сузлар:** ижтимоий ҳамкорлик, жамиятнинг демократлашуви, ижтимоий адолат, барқарор тараққиёт, эркинлик, қонун устуворлиги, фуқаролик жамияти.

**Ключевые слова:** социальное сотрудничество, демократическое общество, социальная справедливость, устойчивое развитие, свобода, верховенство закона, гражданское общество.

**Key words:** social cooperation, democratic society, social justice, sustainable development, freedom, supremacy of law, civil society.


Инсон мавжуд сиёсий институтлар гаровига айланган, жамиятнинг итоатгўй, аммо шу пайтнинг ўзида унинг бегоналашган субъектига, давлат машинасининг бир оддий винтига айланиб қолган эски тузумнинг заҳри аста-секин руҳимизни тарк этмоқда. Аммо у бирданига тумандай тарқалиб кетгани йўқ. Ҳозирда ривожла-нишимизнинг асосий йўналишидан бири – бу жамиятни эркинлаштиришдир. Бу, аввало, инсонни эркинлаш-тиришни англатади. Жамият тараққиётию камолотининг асосий мезони инсон бўлган тақдирдагина барқарор давлат барпо этиш мумкин.

Ўзбекистон инсонпарвар жамият қуриш йўлида маълум натижаларга эришмоқда. Инсоннинг жамият ҳаётида тутган ўрни ва ролининг миллий ва умуминсоний мезонларини ижтимоий-фалсафий, сиёсий-ҳуқуқий жиҳатдан англаш ҳозирги пайтда нафақат назарий, балки долзарб амалий аҳамият касб этмоқда. Бунинг яна бир жиҳати шундаки, демократик тараққиёт йўлига ўтган ва айниқса демократия соҳасида катта тажриба тўплаган мамлакатларда ҳозирда инсоннинг жамиятдаги ўрни масалаларига қарашда туб ўзгаришлар содир бўлмоқда. Инсон тараққиёти, Шахс, Комил Инсон тўғрисида сифат жиҳатдан янги концепциялар ҳам қарор топдики, бу жаҳон ҳамжамиятининг диққат-эътиборига сазовор бўлди, БМТ ҳужжатларида ўз аксини топди [4].

Юртимизда эркин, озод инсоннинг демократик жамиятдаги ўрни ва роли масалалари том маънода мустақилликдан сўнг ўрганила бошланди. Муаммонинг турли жиҳатлари, хусусан инсон руҳи эркинлиги, инсон ҳуқуқлари ва эркинликлари, инсонлараро